

BILTEN ENFÒMASYON SOU VAKSEN

Vaksen Polisakarid kont Nemokòk (PPSV23): Sa Ou Dwe Konnen

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See www.immunize.org/vis
Anpil Biltén Enfòmasyon sou Vaksen disponib nan lang Anglè ak nan lòt lang. Gade nan www.immunize.org/vis

1 Poukisa moun dwe vaksinen?

Vaksen Polisakarid kont Nemokòk (PPSV23) kapab anpeche **maladi nemokoksik**.

Maladi nemokoksik vle di nenpòt maladi bakteri nemokòk yo lakòz. Bakteri sa yo kapab lakòz anpil kalite maladi, tankou nemoni, ki se yon enfeksyon nan poumon. Bakteri nemokòk yo se youn nan kòz nemoni ki pi kouran.

Anplis nemoni, bakteri nemokòk yo kapab lakòz tou:

- Enfeksyon nan zòrèy
- Enfeksyon nan sinis (nen)
- Menenjit (enfeksyon nan tisi ki kouvri sèvo a ak mwal epinyè a)
- Bakteryemi (enfeksyon nan san)

Nenpòt moun ka trape maladi nemokoksik, men timoun ki poko gen laj 2 zan, moun ki gen sèten pwoblèm medikal, granmoun 65 lane oswa pi gran, ak moun ki fimen sigarèt yo gen pi gwo risk.

Pifò nan enfeksyon nemokosik yo pa grav. Men, kèk nan yo ka lakòz pwoblèm alontèm, tankou domaj nan sèvo oswa pèt kapasite pou tandem. Menenjit, bakteryemi, ak nemoni ke maladi nemokoksik lakòz kapab mòtèl.

2 PPSV23

PPSV23 pwoteje kont 23 kalite bakteri ki lakòz maladi nemokoksik.

Yo rekòmande PPSV23 pou:

- Tout **granmoun laj 65 lane oswa pi gran**,
- Nenpòt moun ki gen **2 zan oswa pi gran** ki gen sèten pwoblèm medikal ki ka lakòz plis risk pou maladi nemokoksik.

Pifò moun bezwen sèlman yon dòz PPSV23. Yo rekòmande yon dezyèm dòz PPSV23, ak yon lòt kalite vaksen kont nemokòk yo rele PCV13 pou sèten gwoup ki gen pi plis risk. Pwofesyonèl swen sante ou kapab ba ou plis enfòmasyon.

Moun ki gen 65 lane oswa pi gran ta dwe pran yon dòz PPSV23 menm si yo te déjà pran youn oswa plizyè dòz vaksen an anvan yo te vin gen 65 lane.

3 Pale ak pwofesyonèl swen sante ou

Di founisè swen vaksen ou an si moun k ap resevwa vaksen an:

- Te fè yon **reyakson alèjik aprè yon premye dòz PPSV23**, oswa si li te fè nenpòt **alèji grav oswa mòtèl**.

Nan sèten ka, pwofesyonèl swen sante ou kapab deside pou ranvwaye vaksinasyon PPSV23 ou an pou yon lòt randevou.

Moun ki gen maladi ki pa grav tankou yon rim, kapab vaksinen. Anjeneral moun ki malad nan fason modere oswa gravman dwe tann jiskaske yo geri anvan yo pran vaksen PPSV23.

Pwofesyonèl swen sante ou kapab ba ou plis enfòmasyon.



**U.S. Department of
Health and Human Services**
Centers for Disease
Control and Prevention

4

Risk yon reyakson ak vaksen an

- Aprè PPSV23 a, sa ka rive ou gen po kò ou wouj oswa doulè kote yo bay piki a, sansasyon fatig, lafyèv, oswa doulè nan misk.

Pafwa moun yo endispoze aprè pwosedi medikal yo, vaksinasyon an ladan tou. Fè pwofesyonèl swen sante ou konnen si ou santi vètij, oswa si vizyon ou chanje oswa si ou tandem boudònman nan zòrèy ou.

Menm jan ak nenpòt medikaman, gen yon ti risk tou piti pou yon vaksen lakòz yon reyakson alèjik grav, lòt blesi grav oswa lanmò.

6

Kijan mwen kapab aprann plis?

- Mande pwofesyonèl swen sante ou.
- Rele depatman sante zòn ou oswa depatman sante Eta a.
- Kontakte Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC, Centers for Disease Control and Prevention):
 - Rele nan **1-800-232-4636** oswa
 - Ale sou sitwèb CDC nan www.cdc.gov/vaccines

5

E si gen yon pwoblèm grav?

Yon reyakson alèjik grav kapab prezante aprè moun ki vaksinen an kite klinik la. Si ou wè siy yon reyakson alèjik grav (itikè, enflamasyon nan figi ak gòj, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, toudisman oswa feblès), rele **9-1-1** epi mennen moun lan nan lopital ki pi pre a.

Pou lòt siy ki enkyete ou yo, rele pwofesyonèl swen sante ou.

Yo dwe rapòte reyakson yo nan Sistèm pou Rapòte Reyakson Negatif Vaksen (VAERS, Vaccine Adverse Event Reporting System). Anjeneral pwofesyonèl swen sante ou ap fè rapò sa a oswa ou kapab fè li pou kont ou. Vizite sitwèb VAERS la nan www.vaers.hhs.gov oswa rele nan **1-800-822-7967**. *VAERS la se pou deklare reyakson yo sèlman, epi anplwaye VAERS yo pa bay konsèy medikal.*

